7. Xushvaqtov, Eldor. "ZAMONAVIY SSENOGRAFIYA MAISHIY JANR IFODASI." *Interpretation and researches* 2.21 (2024): 93-97.

**REZYUME.** Mazkur maqolada taniqli va buyuk rejissyor, pedagog, Oʻzbekiston xalq artisti professor Turgʻun Azizov sahnalashtirgan “Gamlet” tragediyasi va uning sahnaviy talqini, Yevropa va Oʻzbek teatri rejissurasi tendensiyalari, sahna asarining yaxlitligi va badiiyligi, Turgʻun Azizov izlanishlarining ijodiy oʻziga xosligi asosiy e’tiborni qaratadi. Shuningdek, Milliy teatr sahnasida “Gamlet” asarini sahnalashtirishning zamonaviy va milliy uygʻunlashuvi haqida soʻz boradi.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена трагедии “Гамлет” в постановке известного и великого режиссёра, педагога, народного артиста Узбекистана профессора Тургуна Азизова и ее сценической интерпретации, тенденциям европейской и узбекской театральной режиссуры, цельности и художественности пьесы, исследованием Тургуна Азизова. Оригинальност это главный акцент. Также говорят о современном и национальном сочетании постановки спектакля “Гамлет” на сцене Национального театра.

**SUMMARY.** This article deals with the tragedy “Hamlet” staged by the famous and great director, pedagogue, People's Artist of Uzbekistan Professor Turgun Azizov and its stage interpretation, trends in European and Uzbek theater directing, the integrity and art of the play, Turgun Azizov's research. The originality is the main focus. There is also talk of a modern and national combination of staging the play “Hamlet” on the stage of the National Theater.

## АКТЁР ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ИЛҲАМНЫҢ ОРНЫ

**Ш.Р.Жаксиликов** – *магистр*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты*

**Таянч сўзлар:** актёр, роль, ижодкор, саҳна, театр, мусиқа, адабиёт, рассом, рақс, иқтидор.
**Ключевые слова:** актер, роль, творец, сцена, театр, музыка, литература, художник, танец, талант.
**Key words:** actor, role, performer, stage, theater, music, literature, artist, dance, talent.

Актёрлық көркем өнериниң басқа көркем өнерлерден тийкарғы парқы сонда, басқа көркем өнер ўәкиллериниң илҳамлары келгенде ғана дөретиўшилик етиўи мүмкин. Бирақ, сахна актёры өз илҳамын ийелеген болыўы ҳәм аты спектакль афишасына жазылған күни оны жарата алыўы шәрт. Бунысыз ең жетилискен сыртқы техника да, айрықша дәрежедеги ишки уқыплылық да әззилик етеди. Ықтыярый дөретиўшиликте ықтыярсыз дөретиўшиликке жол таба алмағанлығы ушын актёрлар ишки, руўхый техниканы қабыл етпейтуғын қәўипли пикирге келеди. Олар сыртқы сахналық өнерде қатып қалып, қурғақ актёрлық кейпиятын ҳақыйқый илҳам деп қабыллайды.

Актёр пүткил денеси менен пьесаға берилип кетсе, буннан жақсы нәрсе жоқ. Бундай пайытта ол өз қәлеўинен тысқарыда, қәйтип атқарып атырғанын сезбеген ҳалда, не ислеп атырғанын ойламаған жағдайда рольдиң өмири менен жасай баслайды ҳәм ҳәммеси өз-өзинен ықтыярсыз рәўиште шыға береди. Бирақ, өкинишлиси, бундай дөретиўшилик барлық ўақытта да бизиң еркимизде бола бермейди. Гейде биз басы туйық көшеге кирип қалғанға уқсаймыз, бирақ, ҳәр сапары илҳамланып атқарыўымыз керек, лекин буны ықтыярсыз түрде орынлаўымыз лазым екен, биз болса буған уқыплы емеспиз, бунның илажы бар ма? Бахтымызға бунның илажы бар. Бул жол сананың ықтыярсызлыққа тиккелей емес, туўры тәсир көрсетиўинде. Актёрдың жоқары шеберлиги, оның бай, тәсиршең қәбилети, нервларының турақласқанлығы, терең сезим-туйғылары өмирди толық қабыллаўды билиўинде. [1] Егер актёр өзин сахнадағы орталық шараятында

тәбийғый ҳәм әдеттеги жағдайда, ҳәтте жүдә әпиўайы формада, инсан тәбиятының барлық нызамлары тийкарында жүз берип атырғанын аңлай алса ҳәм буны толық сезинсе, сонда ғана ол ықтыярсыз дөретиўшиликтиң терең сырларын әсте-ақырын түсинип алады ҳәм бизге бийтаныс болған сезимлер де әне усыннан шығып келеди. Олар бизди қысқа мүддетке яки бираз ўақытқа шекем қамтып алады, кеўлимизге айырымлар буйрық берген тәрепке жетеклеп кетеди. Бул басқарыўшы күшлерди билмегенимиз ушын оны, актёр тили менен айтқанда, әпиўайы етип "тәбият" деп атаймыз. Ықтыярсыз дөретиўшиликти оятыў, илҳамның йош бериўи ушын артисттиң ишки өмирине реализм да, ҳәттеки натурализм да зәрүр. Ең әўеле биз саналы ҳәм туўры дөретиўшилик етиўимиз тийис. Бул болса дөретиўшилик етиўге ҳәм илҳамға ең қолай орталықты таярлайды. Хош неге усындай? Себеби, саналы ҳәм туўры дөретиўшилик ҳақыйқатты жаратады, ҳақыйқат болса исеним оятады, солай екен, тәбиятымыз инсан денесинде жүз берип атырған аўҳалға исенер екен, өзи де кирисип кетеди. Оның арқасынан ықтыярсыз дөретиўшилик иске түсип, илҳам да келеди. Сезимлерди еслеп қалыў қәбилети пайда болып, бирден қәлбимизде жанланған пайытта, бул ишки көринислерди сизге бағышлағаны ушын өзиңизге оғада жоқары баҳа берип жибермең ҳәм пүткиллей жоқ болып кеткен сезимди қайтарыўды әрман етпең. Ертеңине қандай да бир басқа нәрсе есиңизге түседи. Кешегини күтип отырмаң, бүгингисине қанаат ете бериң. Ҳәр сапары бүгинги күн ушын аталған жаңа илҳамның пайда болыўына ҳәрекет етиң. Оның кешегиден әззирек болыўының әҳмийети жоқ. Сонысы жақсы, ол бүгинги, ол тәбийғый, дөретиўшилигиңизди жалынлатыў ушын, бир мәўритке қәлбиңиз аўлақ жеринен өз-өзинен шығып келген. Буның үстине, ҳақыйқый илҳамның дөретиўшилик көтерилиўиниң жақсы яки жаманлығын ким анықлап береди. Булардың ҳәммеси өзинше гөззал, ҳеш болмағанда соның ушында, олар илҳам деп аталады. Бирақ, сахнада кешетуғын сезимлеримиздиң барлығы да тәкирар емес шығар? Ҳеш бир пайыт ҳақыйқый өмирде басымыздан кеширмеген сезимлер сахна да биринши мәрте кирип келгени жақсы ма яки жаман ба? Дәслепки сезимлер жүдә ҳәм кеўилдеги нәрсе. Олар шын кеўилден, күшли, ҳәр қыйлы реңли, лекин, олар сиз ойлағаныңыздай яғный узақ дәўир ишинде, перрдениң басынан аяғына шекем даўам ететуғын болмайды. Мейли, олар бизге тез-тез келип турсын ҳәм дөретиўшилигимизде барлық нәрседен қәдирли болған эмоциялардың ҳақыйқыйлығын күшейтсин. Дәслепки сезимлерден жасырынған күтилмегенлик, өзинде артист ушын қайтарып болмайтуғын қозғатыўшы күшти жетеклеп келеди. Лекин, буның ашынарлы тәрепи де бар. Дәслепки кеширмели мәўритлерге биз ҳүкимдар емеспиз, бәлки олар бизге үстем болады. Сонлықтан да, мәселени тәбияттың өзине таслап қойыўдан басқа илажымыз жоқ ҳәм өз-өзимизге, егер дәслепки сезимлер өзлерине керек болған пайытта пайда болады екен, өзлери келе берсин. Тек пьеса ҳәм рольге қарама-қарсы келмесе болды. Демек биз ықтыярсыз сана ҳәм илҳам мәселелеринде ғана әззи екенбиз дә? Бизиң көркем өнеримиз ҳәм оның техникасы дәслепки сезимлерден ибарат па? Олар тек ғана сахнада, өмирдиң өзинде де кемнен-кем ушырап турады. Сезимлерди еслеп қалыў, қәбилетимиз айтып туратуғын тәкирарланатуғын сезимлер бар. Оларды бизиң түсиниўимиз аңсатырақ. Айырым ўақытлары актёрлық шеберлиги сабақларында «илҳам» ды көзабаға, өнимсиз қыйнаў арқалы жаратып атырғанларды гүзетиўимизге туўра келеди. [2] Турған гәп, тосаттан келген ықтыярсыз илҳам адамды өзине тартады. Ол бизиң арзыўымыз. Лекин, бундай сезимлерди саналы еслеп қалыў, қәбилетимиздиң қайталанатуғын еслеўлердиң әҳмийетин кемситиў керек деген шешимге келип қалыўы керек емес. Керисинше, сиз оларды сүйиўиңиз лазым. Себеби, тек солар арқалы илҳамға бираз тәсир өткериў мүмкин. Өтирик, жасалма ойын, штамп, бийәдеплик етиў ҳеш қашан илҳамды пайда етпейди. Соның ушын туўры дөретиўшилик етиўге талпының ҳәм

илҳамға тийкар таярлаўды үйрениң. Исенимиңиз беккем болсын, илҳам усы исиңиз себепли ғана сиз бенен келисимге келеди.

"Усы пайыт басым айланып кетти. Мен-өзи қай жердемен, образын жаратып атырған шахсым қай жерде билмей қалдым. Кейин не болғаны есимде жоқ. Сол есимде, маған алдыннан ҳеш қандай таярлық көрместен сахнада образ атқарыў мақул ҳәм қолайлы болды. Денем де, тап бир ертекте болғанындай, сыйқырлы өзгериў жүз берди. Алдынлары, мен этюдим жаратқан өмирде жасалма түрде жасар едим, онда да менде нелер жүз берип атырғанын ақырына шекем түсинбес едим. Енди болса, "кеўлим көзи" ашылғандай болды ҳәм мен барлығын ақырына шекем түсинип жеттим. Сахнадағы ҳәм рольдеги ҳәр бир майда нәрсе де мен ушын өзгеше әҳмийет пайда етти. Мен рольдиң ҳәм жеке өзимниң сезимлеримди, қыялымды, пикирлеўимди ҳәм ишки көриўимди билип алдым. Буның мәниси сол, сиз өзиңизди рольде ҳәм рольди өзиңизде сезип атырсыз", - дейди Торсов. Биз сахнада ҳақыйқый реал ўақыядан алынған сезимлерди еслеп қалыў өними менен жасаймыз. Олар минутлар даўамында тап ҳақыйқый өмирдегидей дәрежеге көтериледи. Адам өзин рольде толық, үзликсиз умытыў дәрежесине көтерилиўи ҳәм сахнада өтип атырған ўақыяға толық исеним жаратылса да, лекин бул жүдә кемнен-кем ушырасады. Биз бундай жағдайлардың сийрек даўам еткен мәўритлерин билемиз. Басқа ўақытларда болса образы жаратылып атырған роль өмиринде шын, ҳақыйқатқа уқсаслық, исеним, исенимге уқсаслық пенен алмасып турады. Сиз бәлким, ықтыярсыз дөретиўшилик жоллары-үзликсиз яки артист сахнада тап бир өмирдегидей сыяқлы жасайды, деп ойларсызлар? Егер де тап усындай болса, адамның руўхый ҳәм физикалық организми көркем өнер қойған талапларға төтепки бере алмас еди. Руўхый өміримизди ҳәрекетлендириўшилерди нелер қозғата алыўы туўралы ойлаң, ишки сахналық жағдай, руўхланыў, жоқары мақсет, жетекши ҳәрекет ҳаққында, қулласы сананың күши жететуғын барлық нәрселер туўралы ойлаң. Олардың жәрдеми менен тәбиятымыздың ықтыярсыз иси ушын тийкар таярлаўды үйрениң. Бирақ, ҳеш қашан илҳам пайда етиў ушын туўрыдан-туўры илҳамға тиккелей мүрәжат етиўди ойламаң ҳәм оған умтылмаңда. Бул бәрқулла физикалық күш жумсаўға ҳәм кери нәтийжелерге алып келеди. Биз таң қалатуғын нәрсени әжайып атлар менен яғный даналық, талант, илҳам, жоқары саналылық ҳәм бахытлылық, парасат деп атайды. Лекин, олар бизиң қай жеримизде орналасқанын айта алмайман, оларды өзгелерде, гейде өзимизде сеземиз.

Техника актёрларға ақыл менен, избе-излик пенен, логикалық жақтан ойнаўға көмек береди. Биреўи екиншисинен келип шығыўын көрип қуўанасаң. Ҳәммеси анық, түсиникли, ақылға уғрас. Барлығы шын кеўилден жыллылық берилген ҳәм тастыйықланған бундай актёрларды көриў ҳәм еситиў қандай заўықлы!

Қандай әжайып көркем өнер! Қандай жетискенлик! Бундай үлкен көркем өнерге жалғыз маманлық, техника жәрдеминде ерисип болмайды. Бул актёрлық сезими менен де емес, бәлки адамгершилик сезимлери менен шын кеўилден жылытылған ҳақыйқый дөретиўшилик. Талпыныўымыз лазым болған нәрсе тап мине усы. Бирақ, бул ойында бир нәрсе: мени тәсирлендиретуғын, ҳайран қалдыратуғын, күтилмеген тосаттан болғанлық жетиспейди. Ол бақлаўшының аяғы астындағы тирепбердини тартып алады-да, ол ҳеш қашан турмаған, лекин өзиниң талғамы, зейни, парасаты менен айрықша дәрежеде билетуғын басқа тирепбердини қойып қояды. Ойлаўға барыў ҳәм сынға алыўдың илажы жоқ. Бул гүмансыз, себеби әне усы тосаттан болғанлық органикалық тәбиятымыздың ең терең жерлеринен келгенликтен актёрдың өзи де лал болып қалады. Гейде, бундай қәпелимде келетуғын ишки пәт артистти рольдиң туўры жолынан тайдырып да турады. Бул жүдә ренжитеди. Егер де, ишки пәт рольдиң жолынан атлығып келсе, жүзикке қас қондырғандай болады. Қарсыңызда сиз театрда тамаша

етпекши болған сол тири адам көз алдыңызда пайда болады. Бул былайынша тулға емес, ал урпақларына карап бир жерге топланған, барлық тулғалар жыйындысы есапланады. Бул инсаный ҳәуеслик. Актёр техниканы, даўысты, сөйлеўди, ҳәрекетти қай жерден алады? Ол ебетейсиз еди, енди болса, гөззаллық тымсалына айланды. Әдетте ол сөйлегенде тартынып, уялып сөйлер еди, лекин ҳәзир, оның тили шешен, заўықлы, даўысы болса тап музыкадай жаңлайды. Бундай ойын әдеттеги гөззаллыққа салыстырғанда өзиниң исенимли дыққатсызлығы менен мақтаўға мүнәсип. Бул ойын, биринши мысалымызда бизге унап қалған сол логика ҳәм избе-изликке пүткиллей уқсамайтуғынлығы менен күшли. Ол өзиниң логикасызлығы менен гөззал. Әдеттегидей аўҳалы, руўхыятты бийкарлаўы менен руўхый жақтан тәсирли болады. Жигерлилиги менен күшли. Қалаберсе, монографиядағы нызам-қағыйдаларды бузады.

Әне усылайынша жақсы ҳәм күшли. Соның ушында К.С.Станиславский өзиниң тәлийматында мынадай деген еди: «терең саналы мәнаўий техника арқалы, айрықша талантлы дөретиўши актёр жүзеге шығады». [3.355] Интуицияға ҳәм илҳамға сүйенип дөретиўшилик ислейтуғын актёрлар, йошлы тамашагөйлериниң бирден ҳәуиж алыўына исенип, өз режелерин парасат ҳәм сезимлерге жүклейди. Сахнаға көтерилиўи менен-ақ, олар ең әўеле соларды, садық жолдасларын ҳәм жол көрсетиўшилерин излей баслайды. Лекин, бул садық жолдаслар, парасатсыз, барып турған ынжық ҳәм турақсыз екенлигин умытып қояды. Олар буйрыққа қулақ салмайды, керисинше өз мейиллери дурысырақ айтқанда өз қызығыўшылығы бойынша келеди. Ҳәммеден де көре ишки ҳәм сыртқы ҳәрекетке болған исеним, сезимлерди заўықландырады.

Егер бүгин сизиң кейпиятыңыз жақсы болса, илҳамыңыз келген болса, техниканы умытың да сезимге берилиң. Актёр бир нәрсени, илҳам тек ғана байрам күнлери келетуғынын умытпасын. Соның ушын актёр өзин басқара алатуғын, атқара алатуғын ҳәм өзи ушын сыналған қандай да бир жол керек. Актёр аңсат ийелей алатуғын ҳәм белгилей алатуғын жол, бул тек физикалық ҳәрекетлердиң бағдары болып табылады.

Артист жоқары саналылық ҳәм илҳам ҳаққында ойлаўдан алдын, сахнада жақсы кейпият жаратыўды бир өмирге сондай меңгерип алыўдың илажын етсин. Барлық техникалық усылларды сондай етип өзлестирсин, олар актёрдың екинши түп нусқасына (оргиналына) айлансын. Қаламасына рольдиң берилген шараятлары да оның өзиники болып қалсын. Мине сонда ғана нәзик талғамлы яғный илҳам еркинликке шығыўға қарар қабыл етип, дөретиўшилик етиўдиң барлық басламасын өз қолына алады. Бирақ, азмаз болса да ҳақыйқат ҳәм исенимди өлтиретуғын зорлықты яки шәртлиликти сезгени мәттал, жоқары талант, өзиниң панадағы сарайына қайтып кирип кетип, жети қабат дийўал артына жасырынып алады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Кнебель М.О. О Некоторых вопросах методологии Вл. Немировича-Данченко. -М.: Искусство, 1954.
2. Станиславский К.С., Немирович-Данченко Вл. Об Искусстве актёра-певца. -М.: Искусство, 1973.
3. Станиславский К. С. Актёрдың өз үстинде ислеўи. –Т.: Көркем әдебият, 2010.


**РЕЗЮМЕ.** Актёрлик махорати техникасини ургатиш жараёнида, талабанинг ички дунёсини бойитиш, дунёқарашларини кенгайтириш, саҳнанинг бор имкониятларидан фойдаланишга ургатади. Қолаверса рол ижроси вақтида ижоткорнинг илоҳомига ҳам куп нарса боғлик эканлиги борасида сўз юритилади.